

# LWA SOU OPÒTINITE AK INOVASYON MENDÈV (WIOA) OPÒTINITE EGAL (EO) AK RÈGLEMAN POU KONBAT DISKRIMINASYON AK PWOSEDI TRETMAN PLENT

Ministè Travay Eta Nouyòk (NYSDOL), jan gouvènè a antan ke administratè Fon Tit I WIOA chwazi I, adopte e pibliye pwosedi tretman plent yo pou depoze yon plent kont diskriminasyon daprè [Seksyon 188](#) WIOA ki aplikab pou tout moun jan sa dekri nan [29CFR Pati 38 la](#) pi ba a.

## I. KONTÈKS

[Seksyon 188](#) WIOA di pa gen yon moun y ap anpeche patisipe, y ap refize bay benefis, k ap sibi diskriminasyon, oswa y ap refize bay travay nan administrasyon an oswa nenpòt aktivite oswa pwogram èd finansye Tit I WIOA, akoz ras li, koulè I, reliyon I, sèks (gwosès, akouchman ak kondisyon medikal ki gen rapò ak sa, moun ki chanje sèks yo, ak idantite sèks ladan I tou), origin moun nan (moun ki pa metrize Anglè byen (LEP), laj, andikap oswa pati politik li oswa kwayans li, nenpòt benefisyè, akoz sitwayènte benefisyè a antanke yon imigran ki gen otorizasyon lalwa pou travay nan Etazini. Règleman WIOA yo ki nan [29 CFR Pati 38](#) la bay eksplikasyon sou dispozisyon ki pran pou konbat diskriminasyon ak EO (Dekrè Egzekitif) yo. Egzanp byen presi pou konpòtman ki demontre diskriminasyon ki entèdi yo, anplis de sa ki baze sou andikap yo, dekri nan Seson 38.6 CFR 29 la. Egzijans ki gen rapò ak règleman ki asosye ak pratik travay ak komunikassyon pou moun ki gen andikap yo dekri nan Seksyon 38.12 CFR 29 la.

## II. RÈGLEMAN

NYSDOL gen pou misyon pou I pase Dekrè Egzekitif (EO) epi konbat diskrimisayon nan fonksyonman ak jesyon tout pwogram, sèvis ak aktivite ki jwenn finansman konplè oswa an pati pa mwayen fon WIOA yo. Nenpòt moun ki jwenn pwoteksyon lwa WIOA a bay la ki panse li menm oswa yon kategori moun byen presi sibi diskriminasyon, gen dwa pou I depoze yon plent ofisyèl jan pwosedi ki dekri nan dokiman sa a montre sa. Moun k ap resevwa finansman Tit I WIOA a dwe franchi etap ki apwopriye yo pou garanti yo bay aksè jeneral pou pwogram ak aktivite yo. Efò ki ta dwe fèt pou garanti kalite aksè sa a dekri nan Seksyon 38.40 CFR 29 la. Si gen yon pwoblèm ki poze ki gen rapò ak blokaj nan kesyon lang, Seksyon 38.9 CFR 29 la dwe aplike.

## III. DEFINISYON

29 CFR Seksyon 38.4 la gen definisyon mo yo itilize nan aplikasyon egzijans ki nan Dekrè Egzekitif la (EO) ansanm ak egzijans ki nan WIOA pou konbat diskriminasyon. Pou I ka pi fasil, gen kèk definisyon ki nan seksyon sa a ki mansyone pi ba a. Si yon ekspresyon gen kontradiksyon ladan I, jan definisyon an ye nan règleman sa a ak nan Seksyon 38.4 CFR 29 la, se definisyon ki nan Pati 38.4 CFR 29 la k ap pase.

- A. **Moun ki fè demann** se yon moun ki enterese pou yo konsidere I pou asistans èd finansye Tit I WIOA a, pou benefis, pou sèvis oswa fòmasyon nan men yon moun k ap resevwa finansman, e ki voye enfòmasyon pèsonèl li pou I fè konnen li enterese pou I reponn yon demann yon moun k ap resevwa finansman fè.
- B. **Moun k ap mande travay** se yon moun ki mande travay yon kote ki resevwa Finansman Federal pa mwayen Tit I WIOA a.

WE ARE YOUR DOL

- C. **Benefisyè** se yon moun oswa plizyè Kongrè a chwazi pou resevwa avantaj oswa sèvis nan men yon moun ki resevwa finansman.
- D. **Moun ki pote plent lan** se moun oswa òganizasyon ki pote yon plent pou diskriminasyon. Gade Pati V.B a. (1) règleman sa a konsènan ki moun ki ka depoze yon plent.
- E. **CRC** se Sant Dwa Sivil Ministè Travay Etazini (USDOL), 200 Constitution Avenue, NW, Room N-4123, Washington, DC 20210.
- F. **Ministè** vle di USDOL, ki gen ladan I Ajans ak Òganizasyon I yo.
- G. **Andikap ak Moun ki gen Andikap ki kalifye.** Gade Seksyon 38.4 CRF 29 la.
- H. **Moun ki fè demann/ki enskri** se yon moun ki enskri ki kalifye pou patisipe nan youn oswa plis aktivite oswa pwogram èd finansye Tit WIOA yo.
- I. **Òganizasyon** se nenpòt moun, konpayi, patenarya, biznis ki fèt ak yon gwoup moun, yon gwoup moun ki met ansanm pou yo atenn yon objektif ki pa sèlman fè lajan, gouvènman Eta oswa lokal, ak nenpòt ajans, depatman oswa pati nan gouvènman sa a (seksyon 38.4 CFR 29 la gen yon lis òganizasyon ki pa konplè yo konsidere kòm benefisyè).
- J. **Espesyalis Plent Sèvis Travay (ES)** se yon anplwaye NYSDOL ki nan sistèm Sant Karyè a yo chwazi pou jere kèk premye plent pou dosye ki gen rapò dirèkteman ak pwogram NYDOL yo.
- K. **Ofisyè Opòtinite Egal (Ofisyè EO)** se moun ki la pou fè benefisyè a respekte obligasyon I genyen daprè [CFR 29 Pati 38 la](#). Nan Eta Nouyòk, sa gen ladan I moun Gouvènè ki jwe wòl Ofisyè EO WIOA a chwazi a ak moun Komisyon Gwoup Travayè pou Devlopman Lokal la chwazi pou chak Zòn Devlopman Gwoup Travayè Lokal (Ofisyè EO LWDA).
- L. **Benefisyè Sibvansyon LWDA** vle di òganizasyon k ap resevwa èd finansye Tit I WIOA pou yon LWDA dirèkteman nan men Gouvènè a epi debloke fon pou aktivite devlopman aktivite mendèv.
- M. **Patisipan** se yon moun ki kalifye pou I patisipe e resevwa èd, avantaj, sèvis oswa fòmasyon nan yon pwogram Tit I WIOA a otorize. Egzanp moun ki kalifye antanke patisipan yo dekri nan CFR 38.4 29 la. Patisipasyon an ap kòmanse premye jou a, aprè desizyon konsènan kalifikasyon an, kote patisipan an resevwa èd, avantaj, sèvis, oswa fòmasyon ki jwenn finansman Tit I WIOA a bay la.
- N. **Benefisyè** se yon òganizasyon ki resevwa èd finansye pwolonje Tit I WIOA a bay la, swa dirèkteman nan men Ministè a oswa nan men Gouvènè a oswa yon lòt benefisyè (ki gen ladan I nenpòt benefisyè, ranplasan, oswa yon moun ki ranplase benefisyè a), men ki pa benefisyè prensipal aktivite oswa pwogram Tit I WIOA yo. Benefisyè yo dekri pi ba a nan 38.4 CFR 29 la.
- O. **Konsène a** se moun oswa yon òganizasyon yo depoze yon plent EO oswa yon Plent diskriminasyon kont li.
- P. **Founisè Sèvis.** Gade Seksyon 38.4 CRF 29 la.  
(Aparèy Telekomunikasyon pou moun ki Soud (TDD) 1-800-662-1220; VWA 1-800-421-1220).
- Q. **Ti Benefisyè** se yon benefisyè k ap bay mwens pase 15 benefisyè sèvis pandan tout ane sibvansyon an e ki bay mwens pas 15 moun travay nan nenpòt jounen pandan ane sibvansyon an.

**WE ARE YOUR DOL**

**R. Ofisyè EO WIOA Leta** se Direktè Divizyon Devlopman Opòtinite Egal NYSDOL (DEOD).

**S. Pwogram oswa aktivite Tit I WIOA finanse.** Gade Seksyon 38.4 CRF 29 la.

#### **IV. DISTRIBISYON AVI KONSÈNAN LIT KONT DISKRIMINASYON**

Yon benefisyè ki resevwa finansman sibvansyon WIOA a ap pral bay yon premye avi e l ap kontinye bay avi pou l fè konnen li pa fè okenn diskriminasyon ki fonde sou yon eleman ki entèdi, kont moun k ap resevwa fon WIOA Tit I nan men benefisyè, moun ki enskri yo, moun ki fè demann yo, moun ki fè demann/ki enskri ki kalifye, patisipan yo, moun k ap mande travay, anplwaye, moun ki fè pati piblik la, sa gen landan l moun ki gen pwoblèm vizyon oswa ki tandé di, ak sendika oswa òganizasyon pwofesyonèl ki la pou negosye salè ak kondisyon travay oswa antant pwofesyonèl ak benefisyè yo. Avi a ap fèt nan lang ki mansyone nan Seksyon 38.35 CFR 29 la.

##### **A. AFICHE AVI A**

Avi [Opòtinite Egal la se Lwa a](#) dwe afiche yon kote pou tout moun wè l, nan yon kantite ak kote ki rezonab; distribiye l sou fòm avi pou moun ki anndan an ak lòt avi ekri oswa pa mwayen elektwonik; nan livrè oswa nan manyèl yo; epi yo dwe disponib pou chak patisipan e yo dwe nan dosye elektwonik oswa papye patisipan an (pa egzanp One-Stop Operating System (OSOS) la). Yo dwe bay moun ki gen pwoblèm vizyon yo avi a nan yon fòma ki apwopriye epi yon dosye avi sa a dwe fè pati dosye patisipan an.

##### **B. AVI KI NAN BWOCHI AVÈK LÒT MATERYÈL**

Avi ki nan bwochi rekritman ak lòt materyèl yo, yo abitye bay piblik la ki nan fòma ekri ak/oswa oral, elektwonik ak/oswa sou papye pou dekri pwogram Tit I WIOA a finanse oswa egzijans pou patisipasyon benefisyè ak patisipan yo, dwe fèt nan lang ki mansyone nan Seksyon 38.38(a) CFR 29 la. Si materyèl sa yo fè konnen yo ka kontakte benefisyè a nan telefòn, materyèl yo dwe bay nimewo telefòn TDD/Transmisyon oswa sèvis transmisyon benefisyè a itilize.

##### **C. AVI NAN NOUVÈL**

Nenpòt enfòmasyon ki pibliye oswa difize nan nouvèl dwe fèt nan ki mansyone nan Seksyon 38.38 (b) CFR 29 la.

##### **D. AVI NAN PREZANTASYON ORYANTASYON YO**

Pandan prezantasyon oryantasyon yo ak/oswa pandan premye evalyasyon pou nouvo patisipan yo, nouvo anplwaye yo, ak/oswa tout piblik la konsènan pwogram oswa aktivite benefisyè a ki jwenn sipò finansman Tit I WIOA, benefisyè a ap mete yon konvèrsasyon sou dwa yon moun daprè dispozisyon ki la pou konbat diskriminasyon ak [CFR 29 Pati 38](#). Epitou, y ap fè yo konnen yo gen dwa pou yo pou pote plent pou diskriminasyon bay Ofisyè EO LWDA oswa Direktè CRC a.

## V. PWOSEDI POU POTE PLENT AK ENVESTIGASYON

### A. Ofisyè EO LWDA

1. Tout zòn lokal pral chwazi yon Ofisyè EO LWDA pou jere responsabilite l genyen yo daprè selon Lwa sa a jan sa parèt nan Seksyon 38.28 C.F.R 29 la. Benefisyè yo dwe suiv pwosedi tretman plent yo ak envestigasyon k ap mennen yo epi kolabore ak ofisyè EO LWDA a.
2. Founisè sèvis yo ap suiv pwosedi yo mete sou pye nan règleman sa a lè yo resevwa yon plent pou diskriminasyon.
3. Yon Ofisyè EO LWDA pa dwe gen lòt responsabilite oswa aktivite ki kreye yon konfli enterè, oswa ki sanble an kontradiksyon avèk responsabilite yon Ofisyè EO LWDA genyen.

### B. Plent

1. **Moun ki ka pote plent.** Nenpòt moun ki panse yo menm oswa nenpòt kategori moun te sibi oswa ap sibi diskriminasyon dispozisyon ki pran nan Dekrè Egzekitif la (EO) ak dispozisyon ki pran kont diskriminasyon yo ak règleman yo entèdi ka depoze yon plent pa ekri oswa depoze yon plent pa mwayen yon reprezantan.
2. **Kote pou depoze plent.** Yon moun ka depoze plent lan kot Ofisyè EO LWDA oswa dirèkteman kot Direktè CRC a nan U.S. Department of Labor, 200 Constitution Avenue, Room N- 4123, Washington, DC 20210  
  
Plent ki gen rapò ak pwogram NYSDOL yo ta dwe fèt dirèkteman kot Ofisyè EO WIOA a nan New York State Department of Labor, Division of Equal Opportunity Development, State Office Campus, Building 12, Room 540, Albany, NY 12240; oswa pa mwayen Espesyalis Plent ES yo chwazi nan Sant Karyè a.

3. **Delè pou depoze I.** Yon plent ki fèt daprè pati sa a dwe fèt nan san katrevan (180) jou aprè dat moun nan panse li sibi diskriminasyon an. Direktè CRC a ka pwolonje delè pou depoze plent lan, si nan Avi Dispozisyon Definitif li pran yo, Ofisyè EO a pa mete avi obligatwa konsènan dwa moun k ap pote plent lan genyen pou l fè sa kot Direktè a oswa pou yon rezon valab.
4. **Sa ki nan plent yo.** Chak plent dwe fèt pa ekri nan fòma Ofisyè oswa Direktè EO WIOA mande a (plent yo depoze nan CRC) epi li dwe:
  - a. Gen non ak adrès moun k ap pote plent lan (oswa presize lòt fason pou kontakte yo);
  - b. Identife non ak adrès moun ki konsène a (moun oswa òganizasyon moun k ap pote plent lan di ki fè diskriminasyon an);
  - c. Dat sa te rive;
  - d. Dekri akizasyon moun k ap pote plent lan ak ase detay ki pou pèmèt Direktè CRC a oswa Ofisyè EO LWDA a deside si wi ou non:
    - i. CRC a, Ofisyè EO LWDA Leta a, oswa Ofisyè EO LWDA a, si aplikab, gen pouvwa sou plent lan; e
    - ii. Plent lan te fèt alè; epi

**WE ARE YOUR DOL**

- iii. Si plent lan sanble byen fonde (si akizasyon moun k ap pote plent lan, se laverite, si l ap pase anba pye nenpòt dispozisyon ki pran nan dekrè egzekatif la ak dispozisyon ki pran nan WIOA pou konbat diskriminasyon).
  - e. Moun k ap pote plent lan oswa reprezantan ki otorize pou sa siyen.
- 5. **Fòmilè Plent** Ofisyé EO WIOA Leta a dwe bay chak Ofisyé EO LWDA ak benefisyè yon Fòmilè Enfòmasyon Sou Plent pou yo konsève epi itilize lè y ap fè yon plent daprè sa ki mansyone la a.
- 6. **Dwa Reprezantasyon:** Chak moun k ap pote plent ak chak moun ki konsène gen dwa pou yon avoka oswa lòt moun yo chwazi reprezante yo.
- 7. **Tretman plent.** Lè yo resevwa yon plent ekri, Ofisyé EO LWDA a dwe voye yon avi ekri pou l fè konnen li resevwa plent lan nan espas senk (5) jou aprè l fin resevwa plent lan e nan avi sa l ap fè di moun k ap pote plent lan gen dwa pou yo reprezante l nan pwosesis plent lan. Ofisyé EO LWDA ap gen kaktreven dis (90) jou aprè l fin resevwa yon plent kri pou l trete plent lan. Tout plent dwe gen yon so ki make dat la sou yo kou yo resevwa yo epi voye yo bay Ofisyé EO LWDA ki apwopriye a pou l trete l. Ofisyé EO Leta pral kontwole tretman tout plent yo, epi bay delè pou yon trete yon plent.
  - a. Si yo depoze plent lan kot Ofisyé EO LWDA a, Ofisyé EO LWDA a pral bay dosye a yon nimewo, anrejistre plent lan, epi kòmanse trete plent lan.  
Si yon plent yo depoze kot Ofisyé EO LWDA gen rapò ak yon pwogram NYSDOL ap jere, Ofisyé EO LWDA a pral ouvri sesyon plent lan epi voye l bay Ofisyé EO WIOA pou l trete l.
  - b. Si moun nan depoze plent lan kot Ofisyé EO WIOA oswa Espesyalis Plent ES a, epi li gen rapò ak yon pwogram oswa aktivite benefisyò a oswa yon asosye nan sistèm Sant Karyè a, Ofisyé EO WIOA pral fè Ofisyé EO LWDA a konn sa imedyatman epi voye plent lan ale pou yo trete l. Si yon plent gen rapò ak pwogram NYSDOL ap jere, Ofisyé EO WIOA a ap kenbe plent lan pou l trete l.
- 8. **Fason plent lan rete prive.** Konsène a, moun oswa òganizasyon yo pote plent kont li a, pral resevwa yon lèt nan kenz (15) jou aprè yo fin resevwa plent lan k ap fè l konnen yon moun pote plent kont li e pou ki rezon, epi y ap fè l konnen li gen dwa pou l fè yon moun reprezante l. Konsène a ap gen otorizasyon pou l reponn akizasyon (yo) pandan envestigasyon an. Non moun k ap pote plent lan ap parèt sèlman lè sa nesesè pou envestigasyon an ak lè moman rive pou ezamine pwoblèm ki mansyone nan plent lan san fòs kote.
- 9. **Fason temwen yo rete prive.** Y ap pataje idantite nenpòt moun ki bay enfòmasyon ki gen rapò ak envestigasyon an oswa ki patisipe nan yon envestigasyon ki fèt nan kad yon plent sèlman lè sa nesesè pou envestigasyon an ak lè moman rive pou ezamine pwoblèm ki mansyone nan plent lan san fòs kote oswa yon lòt fason lalwa mande sa.
- 10. **Entèdiksyon entimidasyon oswa reprezay.** Gade Pati VI nan Règleman sa a.
- 11. **Kalkil tan an.** Lè kalkil nenpòt peryòd tan ki mansyone nan règleman sa yo ap fèt, premye jou a pa konte e dènye jou ki se fen peryòd la ap konte. Anplis, tout jou nèt ki sou kalandriye a ap konte, pa sèlman jou travay yo ouvri.

**WE ARE YOUR DOL**

## 12. Avi pou Moun K ap pote Plent lan

- a. **Avi ki fè konnen li pa gen pouvwa.** Ofisye EO LWDA a pral voye yon avi ekri bay moun ki pote plent lan nan espas kenz (15) jou aprè l fin resevwa plent lan si li wè li pa gen pouvwa sou yon plent ki gen akizasyon ki fè konnen dispozisyon ki pran nan Dekrè Egzekitif la (EO) ak dispozisyon ki pran nan WIOA pou konbat diskriminasyon yo pase anba pye. Avi a ap gen ladan I tou rezon pou yon desizyon konsa, ansam ak yon atestasyon dwa moun k ap pote plent lan genyen pou l depoze yon plent ekri kot Direktè CRC a nan espas trant (30) jou aprè l fin resevwa avi a. Avi sa a pral jwenn moun k ap depoze plent lan ak konsène a pa lapòs epi yon kopi avi a pral jwenn Ofisye EO WIOA Leta.
- b. **Deklarasyon konsènan pwoblèm yo.** Si Ofisye EO LWDA ki resevwa plent lan gen pouvwa, y ap fè moun k ap pote plent lan konn sa nan espas kenz (15) jou aprè yo fin resevwa plent lan pa ekri. Lèt la pral fè moun k ap pote plent lan konnen lis pwoblèm ki dekri nan plent lan ak dwa l genyen pou l fè yon moun reprezante I nan pwosesis plent lan. Anplis, moun k ap pote plent lan pral konnen ki pwoblèm y ap aksepte pou envestigasyon ak rezon pou chak pwoblèm yo pa aksepte. Yo pral fè moun ki pote plent lan konnen li gen opsyon pou l rezoud plent lan atravè yon pwosesis rechèch-prèv/envestigasyon oswa lòt fason pou rezoud mezantant (ADR).

Si yo depoze plent lan bay Ofisye EO LWDA, deklarasyon pwoblèm yo pral jwenn moun k ap pote plent lan pa lapòs e yon kopi avi a pral jwenn Ofisye EO WIOA a. Moun konsène a pral resevwa yon lèt (pa lapòs) k ap fè I konnen yon moun pote plent kont li, pou ki rezon (ras, sèks, elt.) epi yo pral fè I konnen li gen dwa pou yon moun reprezante I pandan envestigasyon an. Ofisye EO LWDA ki resevwa plent lan pral fè moun k ap pote plent lan ak moun ki konsène a konnen entèdiksyon kont reprezay ak entimidasyon ki dekri nan Pati VI Règleman sa a tou.
- c. **Rankont enfòmèl/Rezolisyon.** Ofisye EO LWDA a ka rankontre moun ki pote plent lan oswa reprezantan I, nan espas kenz (15) jou aprè l fin resevwa plent lan pa ekri, pou l gen yon konvèsayonn enfòmèl avè I epi eklèsi pwoblèm yo. Pandan pwosesis sa a, lè sa awopriye, Ofisye EO LWDA a ka ofri yon rezolisyon pou pwoblèm nan, si Ofisye EO LWDA a bay yon Avi Konsènan Dispozisyon Definitif daprè seksyon V(C) (4) nan dokiman sa a. Si moun k ap pote plent lan pa satisfè ak rezolisyon enfòmèl la, moun k ap pote plent lan ka antame yon envestigasyon konplè oswa mande ADR.

## C. Rezolisyon Plent

1. **Opsyon.** Moun k ap pote plent lan gen opsyon rezoud plent yo a atravè yon pwosesis rechèch-prèv/envestigasyon konplè oswa ADR. Si moun k ap pote plent lan chwazi opsyon ADR la, li dwe fè Ofisye EO LWDA a konnen nan espas dis (10) jou aprè l fin resevwa Deklarasyon Pwoblèm nan. Si l pa resevwa okenn repons, Ofisye EO LWDA pral kontinye mennen envestigasyon sou plent lan.
2. **Rechèch-Prèv/Pwosesis Envestigasyon** Si moun k ap pote plent lan chwazi pwosesis rechèch-prèv/envestigasyon konplè a, òganizasyon ki resevwa plent lan pral fè yon verifikasiyon konplè dosye a, sa gen ladan I bay moun ki pote plent lan ak moun ki konsène a chans pou yo reponn ak tout prèv ki prezante yo. Yon envestigasyon plent oswa rechèch-prèv se eleman sa yo:

WE ARE YOUR DOL

- a. Fè entèvyou ak moun ki pote plent lan pou jwenn enfòmasyon;
- b. Mande moun ki pote plent lan non, adrès ak nimewo telefòn moun ki gen enfòmasyon sou sitiyasyon an. Ofisyè EO LWDA a ta dwe kontakte moun ki ta ka sèvi kòm temwen pou mande yo entèvyou;
- c. Rasanble nenpòt prèv moun ki pote plent lan gen pou kore akizasyon I fè a (yo);
- d. Di ki rezolisyon moun ki pote plent lan ap chèche;
- e. Bay moun ki pote plent lan garanti se sèlman moun ki "merite konnen" k ap resevwa enfòmasyon. Y ap chwazi moun dwe gen enfòmasyon sou yon baz analiz-chak-etap e an jeneral moun sa yo se manadyè, sipèvizè, ak temwen, ki jwenn enfòmasyon sèlman lè sa nesesè;
- f. Moun k ap mennen envestigasyon an ta dwe pran kèk desizyon byen kalkile pou l'konnen ak ki temwen pou l'fè entèvyou e nan ki objektif:
  - i. Premyèman, yo ta dwe fè entèvyou ak moun ki gen enfòmasyon ki sòti nan sous dirèk;
  - ii. Dezyèmman, yo ta dwe fè entèvyou ak moun ki gen rapò dirèk ak sitiyasyon moun ki pote plent lan di ki rive a; e
  - iii. Twazyèmman, si l'panse sa nesesè, moun k ap mennen envestigasyon an ta dwe fè entèvyou aprè ak moun ki gen efòmasyon ki pa sòti nan sous dirèk la.

Pa obligatwa: Mande temwen yo pou yo mete siyati yo ak dat sou nòt ki pran pandan entèvyou yo nan moman entèvyou a ap fèt la, oubyen, prepare daklarasyon daprè nòt entèvyou a epi mande temwen yo pou yo mete siyati yo ak dat sou deklarasyon an.

- g. Pandan entèvyou avèk moun ki pote plent lan, Ofisyè EO Lokal la ka vle moun ki pote plent lan bay yon deklarasyon ki siyen ki fè konnen li resevwa dokiman enpòtan benefisyè a konfime li bay moun ki pote plent lan, tankou avètisman disiplin, demann dokiman, oswa avi pou delè yo;

Pa obligatwa: Mande moun ki pote plent lan pou l'mete siyati ak dat sou nòt ki pran pandan entèvyou nan moman entèvyou a ap fèt la, oubyen, prepare yon daklarasyon daprè nòt entèvyou a epi mande moun k ap pote plent lan pou l'mete siyati l'ak dat sou deklarasyon an.

- h. Fè entèvyou avèk moun ki konsène a pou rasanble prèv;
 

Mande moun ki konsène a non, adrès ak nimewo telefòn moun ki gen enfòmasyon konsènan sitiyasyon an. Ofisyè EO Lokal la ta dwe kontakte moun ki ta ka sèvi kòm temwen yo pou mande yo entèvyou;

Pa obligatwa: Mande moun ki konsène a pou l'mete siyati ak dat sou nòt ki pran pandan entèvyou nan moman entèvyou a ap fèt la, oubyen, prepare yon daklarasyon daprè nòt entèvyou a epi mande moun ki konsène a pou l'mete siyati l'ak dat sou deklarasyon an.
- i. Verifye dokiman, rapò, komunikasyon, dosye pèsonèl ak règleman/pwosed i gen rapò ak aktivite ki dekri nan akizasyon diskriminasyon an;

**WE ARE YOUR DOL**

- j. Si gen lòt akizasyon ki fèt pandan envestigasyon an, oswa lòt enfòmasyon enpòtan yo dekouvri, fè moun ki konsène a konn sa epi ba l yon chans pou reponn, jan enstriksyon an ye pou fòma envestigasyon orijinal la;
- k. Yon temwen ap fè deklarasyon ki baze sou sa yo konnen, men pa sou sa yo tandem. Enfòmasyon yo jwenn nan sa yo tandem pa konsidere kòm "prèv" paske fyabilite l depann de yon lòt moun oswa yon lòt sous. Sepandan, li ka enpòtan pou envestigasyon an. Kidonk, yo pa ta dwe eliminate prèv ki sòti nan sa yo tandem moun di, men yo ta dwe itilize yo si l ka fè yo jwenn sous k ap pèmèt yo itilize enfòmasyon yo kòm prèv;
- l. Prepare yon rapò envestigasyon ki gen deklarasyon ki se baz plent lan, akizasyon presi, repons moun ki konsène a (yo) ak deklarasyon temwen yo fè, rezulta prèv, rezònman ak konklizyon (rezon ki ka dèyè oswa ki pa lazòz moun ki konsène a fè diskrimination) ak dwa l genyen pou l fè apèl;
- m. Nenpòt lòt enfòmasyon esansyèl pou konprann pwoblèm presi ki nan dosye a oswa anviwònman kote sa rive a;
- n. Deklarasyon pozisyon moun ki konsène a ki gen ladan l sa yo rakonte konènan sa k pase a ansanm ak lojik oswa dezakò ki gen nan akizasyon moun k ap pote plent lan fè yo;
- o. Moun k ap pote plent lan ka fè yon dokiman pou verifikasyon pou defans yo; e
- p. Konsève dosye ak anrejistreman plent lan ak nimewo referans lan.

**3. Lòt Pwosesis Rezolisyon Mezantant (ADR).** Si moun k ap pote plent lan chwazi metòd ADR la, Ofisyè EO LWDA pral voye dosye a bay yon moun ki pa nan patipri pou negosye Ofisyè EO LWDA a apwouve. Y ap fè moun k ap pote plent lan konnen moun ki pa nan patipri pou negosye a volontè. Toulède moun yo ap konnen yo dwe patisipe nan negosyasyon ak senserite men li p ap nesesè pou yo jwenn yon antant.

- a. Avi Konferans Pou Negosyasyon. Konfirmasyon ekri konferans k ap fèt pou negosyasyon an pral jwenn chak moun yo nan espas dis (10) jou avan dat negosyasyon an. Avi a ap gen dat, lè ak lokal kote negosyasyon an ap fèt ak deklarasyon pwoblèm y ap negosye a. Si moun k ap pote plent lan ak moun ki konsène a gen moun ki reprezante yo, yo responsab pou yo fè moun sa konnen enfòmsyon konsènan negosyasyon an.
- b. Konfidansyalite Seyans negosyasyon yo ap fèmen pou nenpòt lòt moun ki pa moun ki konsène yo ak reprezantan yo, sof si toulède pati yo ak medyatè a bay pèmisyon yo. Kominikasyon ak enfòmasyon ki bay pandan negosyasyon an gen priyrite e yo konfidansyèl epi yo pa dwe pataje yo ak yon twazyèm moun, sof si yo bezwen fè aplikasyon oswa ranfòsman, oswa pa mwayen antant ekri toulède pati yo. Pandan pwosesis negosyasyon an, yo ka pran nòt. Sepandan, kou yo fin jwenn antant final la oswa pati yo pati yo pa ka jwenn yon antant, tout nòt yo dwe retounen al jwenn medyatè a pou yo ka sou men lè l bezwen.
- c. Antant Final Medyatè a pral bay moun k ap pote plent lan, moun ki konsène a ak Ofisyè EO LWDA a yon kopi antant final la oswa avi ki di yo pa t rive jwenn yon antant nan swasant (60) jou apati dat moun k ap pote plent lan chwazi pou patisipe nan ADR la.
- d. Si yo pa rive Jwenn yon Antant. Si pati yo pa rive jwenn yon antant, Ofisyè EO LWDA pral voye yon Avi Dispozisyon Konsènan Definitif Ki Pran bay pati yo nan espas senk (5) jou aprè yo fin resevwa avi nan men medyatè a

**WE ARE YOUR DOL**

konsènan negosyasyon an. Avi Konsènan Dispozisyon Definitif Ki Pran dwe gen yon kopi antant lan epi fè konnen pati yo pa t rive jwenn yon antant nan kèk oswa tout pwoblèm yo, si sa aplikab. Avi a pral fè moun k ap pote plent lan konnen dwa l genyen pou depoze yon plent kot Direktè CRC a nan trant (30) jou.

- e. Vyolasyon Antant lan. Yon pati nan kèlkeswa antant ki te fèt la daprè ADR la ka depoze yon plent kot Direktè CRC a si gen vyolasyon nan akò a.
- f. Plent Konsènan Vyolasyon. Moun pa vyole antant lan ka depoze yon plent kot Direktè CRC a nan espas trant (30) jou apati dat li konnen antant lan kraze.
- g. Evalyasyon Plent. Direktè CRC a dwe evalye sikonsans lan pou gade si antant lan kraze. Si yo wè antant lan kraze, moun k ap pote plent lan ka depoze yon plent nan CRC sou akizasyon orijinal (yo) epi Direktè CRC a ap retire delè pou l depoze plent lan.
- h. Dosye Negosyasyon. Ofisyè EO LWDA responsab pou jere yon dosye ki anrejistre yo voye pou negosyasyon an ak yon kopi chak antant pou negosyasyon.
- i. Lòt Metòd rechèch-prèv/envestigasyon. Zòn lokal yo ka chwazi ofri moun k ap pote plent yo lòt opsyon pou yo fè yo tandé plent yo nan dosye a devan yon jij dwa administratif san patipri nan espas swasant (60) jou apati dat moun k ap pote plent lan chwazi pou yon rechèch-prèv/envestigasyon konplè. Ofisyè EO WIOA Leta ka bezwen verifye e apwouye pwoesis sa a.

#### **4. Avi Konsènan Dispozisyon Definitif Ki pran:**

- a. Aprè envestigasyon an ak verifikasyon plent lan fin fèt, Ofisyè EO LWDA dwe fè yon Avi Desizyon Definitif Ki pran nan katreven dis (90) jou aprè l fin resevwa plent lan. Avi a dwe abòde chak pwoblèm ki dekri nan plent lan avèk yon eksplikasyon sou rezon ki fè desizyon sa a pran oswa dekri fason pati yo te rezoud pwoblèm nan. Ofisyè EO WIOA dwe verifye tout Avi Dispozisyon Definitif Ki pran pou garanti yon envestigasyon konplè e dezizyon an baze sou rezulta rechèch prèv yo.  
Avi a dwe fè moun ki depoze plent lan konnen li gen dwa pou l dezpoze yon plent kot Direktè CRC a nan espas trant (30) jou apati dat avi a soti a si moun ki depoze plent lan pa satisfè avèk desizyon an. Desizyon an pral jwenn moun ki pote plent lan ak moun ki konsène a pa lapòs.
- b. Nan katreven dis (90) jou, Ofisyè EO LWDA la ka ofri moun ki pote plent lan yon rezolisyon pou plent lan. Si moun k ap pote plent lan aksepte rezolisyon an, Ofisyè EO LWDA dwe fè yon Avi Konsènan Dispozisyon Definitif Ki pran epi fè moun ki pote plent lan konnen dwa l genyen pou l depoze yon plent bay Direktè CRC a epi enfòme moun ki pote plent lan li dwe egzèse dwa l nan trant (30) jou apati dat avi a soti si moun ki pote plent lan pa satisfè avèk desizyon an. Desizyon an pral jwenn moun ki pote plent lan ak moun ki konsène a pa lapòs.
- c. Si moun ki depoze plent lan pa resevwa yon Avi Konsènan Dispozisyon Definitif Ki pran an nan katreven dis (90) jou l fin depoze plent lan, moun ki pote plent lan oswa reprezantan l lan ka, nan trant (30) jou ekspirasyon peryòd 90 jou a, depoze yon plent kot Direktè CRC a, sepan dan, plent lan dwe rive jwenn direktè a nan san ven (120) jou apati jou dat plent lan te depoze bay Ofisyè EO LWDA a.

**WE ARE YOUR DOL**

## **VI. ENTÈDIKSYON ENTIMIDASYON AK REPREZAY**

- A.** Yon benefisyè pa dwe retire, entimide, fè reprezay, menase, fòse oswa fè diskriminasyon kont yon moun paske moun sa a depoze yon plent ki dekri yon vyolasyon dispozisyon ki pran nan Dekrè Egzekitif (EO) la ak dispozisyon WIOA pran pou konbat diskriminasyon; paske l te opoze ak yon pratik dispozisyon ki pran nan Dekrè Egzekitif (EO) la ak dispozisyon WIOA pran pou konbat diskriminasyon yo entèdi; te bay enfòmasyon pou ede oswa patisipe nan nespòt jan, nan envestigasyon, oswa aplike otorite, oswa prilèj dispozisyon ki pran nan Dekrè Egzekitif (EO) la ak dispozisyon WIOA pran pou konbat diskriminasyon; oswa aplike otorite oswa prilèj dispozisyon ki pran nan Dekrè Egzekitif (EO) la ak dispozisyon WIOA pran pou konbat diskriminasyon an bay.
- B.** Sanksyon ak penalite ki nan [Seksyon 188](#)(b) WIOA ka aplike kont nespòt benefisyè ki patisipe nan nespòt reprezay oswa entimidasyon sa yo, oswa ki pa pran mezi apwopriye pou anpeche aktivite konsa.

## **VII. KOLEKSYON DONE AK ENFÒMASYON**

- A.** Chak benefisyè pral kolekte done epi konsève dosye konsa, daprè pwosedi Direktè CRC a bay la, si Direktè CRC a twouve li nesesè pou l gade si benefisyè a te respekte oswa respekte dispozisyon ki pran nan Dekrè Egzekitif (EO) la ak dispozisyon WIOA pran pou konbat diskriminasyon yo.
- B.** Dosye kosa dwe gen, dosye moun k ap fè demann yo, moun ki enskri yo, Moun ki fè demann/ki enskri ki kalfye, patisipan yo, moun kontra yo fini, anplwaye ak moun ki fè demann pou travay, men se pa sa sèlman li ka genyen.
- C.** Chak benefisyè dwe anrejistre ras/orijin, sèks, laj ak kote li konnen, ki andikap chak moun k ap fè demann genyen, moun ki enskri, moun ki fè demann/moun ki enskri ki kalifye, patisipan, moun kontra yo fini, moun ki aplike pou travay ak anplwaye.
- D.** Yo pral konsève enfòmasyon sa yo nan yon fason ki garanti konfidansyalite epi yo dwe itilize l sèlman pou kenbe nan dosye e pou bay rapò; pou deside sou kalifikasyon, kote sa apwopriye, pou pwogram oswa aktivite èd finansye WIOA; pou analize fason benefisyè a mennen pwogram/aktivite èd finansye WIOA a nan yon fason ki pa gen diskriminasyon; oswa lòt itilizasyon lalwa otorize.

## **VIII. AVI PLENT/PWOSÈ**

- A.** Chak moun ki fè demann e chak benefisyè pral tousuit fè Ofisyè EO WIOA Leta ak Direktè CRC a konnen nespòt aksyon ki fè respekte lalwa administratif oswa pwosè ki depoze kont diskriminasyon li di li sibi akoz ras, koulè, reliyion, sèks, orijin nasyonalite, laj, andikap, pati politik oswa kwayans e pou benefisyè sèlman, sitwayènte oswa patisipasyon nan pwogram oswa aktivite èd finansye Tit I WIOA a. Egzijans pou avi a dekri nan Seksyon 38.42 CFR 29 la.
- B.** Chak Ofisyè EO LWDA pral konsève yon seri plent yo depoze pou diskriminasyon moun di yo sibi sou baz ras, koulè, reliyion, sèks, orijin nasyonalite, laj, andikap, pati politik oswa kwayans, oswa pou nespòt benefisyè, akoz sitwayènte benefisyè sa

**WE ARE YOUR DOL**

antanke yon imigran ki gen otorizasyon lalwa pou travay nan Etazini oswa pou patisipe nan pwogram oswa aktivite èd finansye Tit I WIOA a. Dosye a ap gen non ak adrès moun k ap depoze plent lan; sa ki esansyèl nan plent lan; yon deskripsiyon plent lan; dat plent lan te depoze; dispozisyon plent lan ak dat dispozsyon plent lan; ak lòt enfòmasyon enpòtan. Yo dwe kenbe enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantife yon moun espesyal ki depoze yon plent konfidansyèl.

## IX. KONSEVASYON DOSYE

- A. Chak benefisyè pral konsève, pandan omwen twa (3) lane apati premye ane pwogram nan, dosye moun ki fè demann nan, moun ki enskri, moun ki fè demann/moun ki enskri ki kalfye, patisipan, moun kontra yo fini, anplwaye ak moun ki aplike pou travay, epi Ofisyè EO WIOA a oswa Ofisyè EO WIOA Leta egzije lòt jan de dosye sa yo.
- B. Chak benefisyè pral konsève dosye konsènan plent ak mezi ki te pran pandan omwen (3) lane kòmanse depi dat rezolisyon plent lan.

## X. ASIRANS

Chak sibvansyon, antan kolaborasyon oswa kontra pou èd finansye pou finansman Tit I WIOA, jan li dekri nan Seksyon 38.25 CFR 29 la, dwe gen asirans sa yo:

### DEKRÈ EGZEKITIF (EO) AK ASIRANS KONT DISKRIMINASYON:

- A. Kòm kondisyon pou w jwenn èd finansye nan men NYSDOL grasa Tit I WIOA a, moun ki fè demann sibvansyon an dwe asire I li gen kapasite pou l respekte dispozisyon ki pran pou konbat diskriminasyon ak dispozisyon opòtinite pou tout moun daprè lwa sa yo e l ap toujou respekte yo pandan tout peryòd l ap resevwa èd finansye federal la:
  1. Seksyon 188 WIOA a ki entèdi diskriminasyon kont moun nan Etazini sou baz ras, koulè, reliyon, sèks (gwo sèks, nesans ak kondisyon medikal gen rapò ak sa, moun ki chanje sèks yo, ak idantite sèks) orijin nasyonalite (ak moun (LEP) ki pa metrise Anglè byen, laj, andikap oswa pati politik oswa kwayans, oswa kont benefisyè swa sou baz sitwayènte yo oswa patisipasyon nan nenpòt pwogram oswa aktivite èd finansye Tit I WIOA).
  2. Lwa Dwa Sivil Tit VI 1964 la, jan l chanjman yo montre sa, ki entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè ak orijin nasyonalite;
  3. Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 la, jan chanjman yo montre sa, ki entèdi diskriminasyon kont moun ki kalifye ki gen andikap;
  4. Lwa Diskriminasyon Laj 1975 lan, jan chanjman yo montre sa, ki entèdi diskriminasyon sou baz laj; e
  5. Tit IX konsènan Chanjman Nan Edikasyon ane 1972 la, jan chanjman yo montre sa, ki entèdi diskriminasyon sou baz sèks nan pwogram edikasyon yo.
- B. Moun ki fè demann pou sibvansyon an asire l tou l ap respekte Pati 38 CFR 29 lan ak tout lòt règleman ki gen rapò ak Lalwa ki dekri pi ba a. Asirans sa a aplikab pou tout fonksyonman moun ki fè demann pou sibvansyon nan pwogram oswa aktivite èd finansye Tit I WIOA a, ak pou tout antant pou reyalize pwogram oswa aktivite èd finansye Tit I WIOA a. Moun ki fè demann sibvansyon an konprann Etazini gen dwa pou chèche fè respekte asirans sa a sou yon baz legal.

WE ARE YOUR DOL

## XI. LÒT PIBLIKASYON

Ofisyè EO LWDA ka pibliye lòt pwosedi pou benefisyè a ka itilize ak pou itilizasyon entèn pou jere responsablite lòt pwogram yo.

## XII. METÒD REZOLISYON POU RÈGLEMAN PLENT SOU YON ASOSYE

Pwosedi sa yo se pwosedi pou jere plent ki depoze kont yon asosye sistèm Sant Karyè yon ajans federal ki bay sivbansyon ap finanse\* ki pa USDOL. Gen de (2) kalite plent ki ka tonbe nan kategori sa a:

### 1. Pouvwa Pataje

Kote plent lan dekri diskriminasyon sou yon asosye k ap resevwa finansman federal sou baz ras, koulè, orijin nansyonalite, andikap, sèks, laj oswa reprezay [Seksyon 188 la](#) WIOA a ak lwa dwa sivil entèdi, yo dwe refere plent lan bay Ofisyè EO ajans sa pou l trete daprè pwosedi ajans sa a. Moun ki pote plent lan dwe gen enfòmasyon konsènan referans lan.

\*Egzanp lòt Ajans ki Bay Sibvansyon ki jwenn Finansman nan men Gouvènman Federal:

- Ministè Sante ak Sèvis Pou Moun (HHS)
- Ministè Edikasyon (DOE)
- Ministè Developman Iben ak Lojman (HUB)
- Ministè Agrikilti (DOA)
- Miinstè Transpò (DOT)

### 2. Pouvwa ki pa pataje

Lè plent lan dekri diskriminasyon yon òganizasyon fè sou baz reliyon, pati politik oswa kwayans, sitwayènte ak/oswa patisipasyon nan Tit I WIOA, yo dwe kenbe plent lan epi trete l daprè pwosedi plent yo.

**WE ARE YOUR DOL**

## **Apèsi sou Pwosedi Plent**

### **Ki moun ki ka depoze yon Plent**

Nenpòt moun ki kwè swa li menm, oswa nenpòt kategori moun byen presik te sibi diskrimasyon sou baz ras, koulè, reliyon, sèks (gwosès, nesans ak kondisyon medikal ki gen rapò ak sa, moun ki chanje sèks yo, ak idantite sèks) orijin nasionalite (ak moun ki pa metrize Anglè byen), laj, andikap oswa pati politik oswa kwayans, oswa kont benefisyè swa sou baz sitwayènte yo oswa patisipasyon nan nenpòt pwogram oswa aktivite èd finansye Tit I WIOA ka depoze yon plent. Plent moun k ap pote plent lan oswa reprezantan li otorize a ap fè a dwe fèt alekri epi li dwe gen non ak adrès moun k ap pote plent lan ak moun ki konsène a, dat sa te rive a, yon deskripsyon akizasyon ki gen ase detay pou aplike pouvwa finansman Tit I WIOA sou plent lan, si wi ou non plent lan te fèt a tan, si l sanble byen fonde, epi si li se laverite, si akizasyon an ta vyole dispozisyon ki pran pou konbat diskriminasyon ak opòtinite ki egal nan dispozisyon WIOA pran yo, ak siyati moun ki pote plent lan ak/oswa siyati reprezantan li otorize yo.

### **Kote pou depoze I**

Ou ka depoze I kot Ofisye Opòtinite Egal pou zòn lokal la (Ofisye EO LWIOA) oswa dirèkteman kot Direktè, Civil Rights Center, U.S. Department of Labor, 200 Constitution Avenue, N.W., Room N-4123, Washington, D.C. 20210 Pou plent ki gen rapò avèk pwogram Ministè Travay Eta Nouyòk Eta Nouyòk ap jere dirèkteman yo, Swa Ofisye Plent ES NYDOL nan One-Stop Center, oswa Direktè, Ofisye Opòtinite Egal ajans administratif Leta WIOA NYS (Ofisye EO WIOA Leta) New York State Department of Labor, Division of Equal Opportunity Development, State Campus, Building 12, Room 540, Albany, New York 12240

### **Kilè pou depoze I**

An jeneral, yon plent ki fèt nan espas san katrevèn (180) jou diskriminasyon yo di ki te fèt la. Sepandan, pou rezon valab, Direktè Sant Dwa Sivil la ka pwolonje dat pou depoze I a. Moun ki depoze plent bay yon Ofisye EO dwe tann li resevwa yon Avi Konsènan Dispozisyon Definitif Ki pran alekri oswa jiskaske 90 jou fin pase (nan dat ki pi pwòch la) anvan I depoze plent li nan CRC. Direktè CRC a, pou rezon valab, Direktè Sant Dwa Sivil la ka pwolonje dat pou depoze I a plis pase 180 jou.

### **Enfòmasyon ki dwe nan plent lan**

Tout plent yo dwe fèt alekri, epi yo dwe gen enfòmasyon sa yo:

- Non ak adrès moun k ap pote plent yo oswa lòt fason pou kontakte yo;
- Idantife moun ki konsène a, moun/òganizasyon ki mansyone nan plent lan kòm responsab diskriminasyon moun nan di li sibi a;
- Yon deskripsiyon alegasyon an an-detay ase pou detèmine si wi ou non plent lan

nan jiridiksyon Ofisyè EO a, si wi ou non plent lan fèt atan, si l gen merit aparan, epi si l vrè, si alegasyon an vyole dipozisyon non-diskriminasyon ak opòtinite egal WIOA a.

- Moun k ap pote plent lan dwe siyen oswa fè reprezantan li otorize a siyen l.

Si yo wè Ofisyè EO a pa gen pouwwa sou yon plent, yo pral fè moun ki depoze plent lan konnen li pa gen ase pouwwa pou sa. Avi a ap gen yon rezon pou desizyon an e l ap fè l konnen li gen dwa pou l depoze plent lan nan CRC nan espas 30 jou aprè l fin resevwa avi otorite a.

Si Ofisyè EO a detèmine ke plent sou de jiridiksyon, plent lan prale jwenn ofisyè opòtinite egal ki apwopriye epi yo pral fè moun ki pote plent lan konnen ke yo te resevwa plent lan e yo voye l pou tretman konfòmeman avèk pwosedi plent ki sou de jiridiksyon.

Tout moun ki konsène nan plent lan gen dwa pou yo fè moun yo chwazi reprezante yo sou pwòp depans yo.

Lè Ofisyè EO a fin resevwa l, Plent yo ap resevwa yon nimewo dosye, yo anrejistre yo kote yo anrejistre plent yo epi yo voye yo bay Ofisyè Opòtinite Egal ki apwopriye a. Yo kenbe epi jere tout plent nan bonjan konfidansyalite.

### **Vanjans/Entimidasyon/Reprezay**

Yo pa dwe retire, entimide, tire revanj, menase, entimide oswa fè diskriminasyon kont okenn moun paske yo depoze yon plent, yo bay enfòmasyon pou yon envestigasyon, poutèt yo te ede oswa patisipe nan nenpòt fason nan yon envestigasyon, verifikasyon, odyans oswa nenpòt lòt aktivite ki gen rapò ak administrasyon oswa aplike otorite oswa privilèj Pati 38 CFR 29 la bay.

### **Etap Nan Pwosesis Tretman Plent Pou Diskriminasyon**

#### **Etap I - Okazyon pou Depoze yon Plent**

Tout plent yo dwe fèt alekri. Nenpòt moun ki kwè swa li menm oswa nenpòt kategori moun byen presi, oswa reprezantan otorize, yo bay non moun ki depoze plent, ki kwè li sibi diskriminasyon, dwe voye yon akizasyon ekri bay ofisyè opòtinite egal la. Ofisyè Opòtinite Egal la pral, nan espas senk (5) jou li fin resevwa plent lan, voye yon lèt bay moun ki pote plent lan k ap di li resevwa l epi fè l konnen dwa l genyen pou l fè yon moun reprezante l nan pwosesis plent lan.

## **Etap II - Opòtinite pou yon Konferans Rezolisyón Enfòmèl**

Ofisyé Opòtinite Egal la ka rankontre avèk moun ki pote plent lan oswa reprezantant I otorize a, nan espas kenz (15) jou aprè I fin resevwa akizasyon ekri a, pou fè yon premye envestigasyon epi gen konvèsasyon sou sikonsans ki dekri nan akizasyon an, epi eseye rezoud pwoblèm nan (yo) yon fason fòmèl. Si plent lan pa ka rezoud yon fason enfòmèl, nan espas kenz (15) jou aprè I fin resevwa plent lan, Ofisyé Opòtinite Egal la pral fè moun ki depoze plent lan konnen yon lis pwoblèm ki dekri nan plent lan ak yon deklarasyon ki di si Ofisyé EO a ap aksepte pwoblèm nan pou envestigasyon oswa rejte l; si l rejte, rezon ki fè l rejte l la. Si yon pòsyon nan plent lan aksepte, Ofisyé EO a pral fè moun ki depoze plent lan konnen dwa l genyen pou l chèche solisyon atravè negosyasyon oswa pou l kontinye avèk yon envestigasyon fòmèl epi konnen dwa l genyen pou l gen moun ki reprezante l pandan pwosesis plent lan.

## **Etap III - Opòtinite pou Negosyasyon oswa Envestigasyon**

Si moun ki depoze plent lan pa satisfè avèk esè rezolisyón enfòmèl la, li dwe enfòme Ofisyé Opòtinite Egal la nan espas dis (10) jou aprè I fin resevwa akize resepsyon ki gen deklarasyon pwoblèm yo epi di si wi ou non li swete chwazi opsyon negosyasyon an. Si l pa resevwa okenn repons, Ofisyé Opòtinite Egal la pral kontinye mennen envestigasyon sou plent lan.

Si moun ki pote plent lan chwazi opsyon negosyasyon an, yo pral ba li yon medyatè san patipri. Negosyasyon ap fèt nan espas swasant (60) jou apati dat li chwazi a. Moun ki pran desizyon san patipri a pral voye yon avi ekri bay moun ki konsène yo nan espas dis (10) jou apati dat negosyasyon an. Avi a ap dekri dat, lè ak lokal negosyasyon an te fèt la, pwoblèm byen presi pou yo konsidere e negosyasyon an volontè e konfidansyèl. Chak pati, (moun ki pote plent/konsène a) gen dwa pou yon avoka oswa lòt moun li chwazi reprezante l, men se li men k ap peye yo.

Si pati yo rive jwenn yon antant sou kèk pwoblèm oswa sou tout pwoblèm ki prezante yo, medyatè a pral ede pati yo konkli yon antant pou yo bay pou rezolisyón pwoblèm sa a. Si youn oswa tout problèm yo rete san rezoud nan fen negosyasyon an, medyatè a pral voye yon avi ki fè konnen yo pa rive jwenn yon antant bay Ofisyé Opòtinite Egal la nan swasant (60) jou aprè dat moun ki pote plent lan te chwazi fè negosyasyon an.

## **Etap IV - Envestigasyon an: Pwosedi Rechèch Prèv:**

Aprè Ofisyé EO a fin deside li gen pouvwa sou plent diskriminasyon an, Ofisyé EO Eta a dwe mennen yon envestigasyon imedyatman.

Yon envestigasyon plent oswa rechèch-prèv se eleman sa yo:

- Fè entèvyou ak moun ki pote plent lan pou jwenn enfòmasyon.
- Mande moun ki pote plent lan non, adrès ak nimewo telefòn moun ki gen enfòmasyon konsènan sitiayson an. Ofisyé EO a ta dwe kontakte moun ki ta ka sèvi kòm temwen an pou mande l entèvyou.

- Rasanble nenpòt prèv moun ki pote plent lan gen pou kore akizasyon I lan (yo).
- Di ki rezolisyon moun ki pote plent lan ap chèche.
- Bay moun ki pote plent lan garanti se sèlman moun ki "merite konnen" k ap resevwa enfòmasyon. Y ap chwazi moun dwe gen enfòmasyon sou yon baz analiz-chak-etap e an jeneral moun sa yo se manadhyè, sipèvizè, ak temwen, ki jwenn enfòmasyon sèlman lè sa nesesè.
- Moun k ap mennen envestigasyon an ta dwe pran kèk desizyon byen kalkile pou I konnen ak ki temwen pou I fè entèvyou e nan ki objektif:
  1. Premyèman, yo ta dwe fè entèvyou ak moun ki gen enfòmasyon ki sòti nan sous dirèk.
  2. Dezyèmman, yo ta dwe fè entèvyou ak moun ki gen rapò dirèk ak sitiyasyon moun ki pote plent lan di ki rive a.
  3. Twazyèmman, si l panse sa nesesè, moun k ap mennen envestigasyon an ta dwe fè entèvyou aprè ak moun ki gen efòmasyon ki pa sòti nan sous dirèk la
- Pa obligatwa: Mande temwen yo pou yo mete siyati yo ak dat sou nòt ki pran pandan entèvyou yo nan moman entèvyou a ap fèt la, oubyen, prepare daklarasyon daprè nòt entèvyou a epi mande temwen yo pou yo mete siyati yo ak dat sou deklarasyon an.
- Nan entèvyou w ap fè ak moun ki pote plent lan, ou ka vle moun ki pote plent lan bay yon deklarasyon ki siyen ki fè konnen li resevwa dokiman enpòtan benefisyè a konfime li bay moun ki pote plent lan, tankou avètisman disiplin, demann dokiman, oswa avi pou delè yo.
- Pa obligatwa: Mande moun ki pote plent lan pou I mete siyati I ak dat sou nòt ki pran pandan entèvyou a nan moman entèvyou a ap fèt la, oubyen, prepare daklarasyon daprè nòt entèvyou a epi mande moun k ap depoze plent lan pou I mete siyati I ak dat sou deklarasyon an.
- Fè entèvyou avèk moun ki konsène a pou rasanble enfòmasyon.
- Mande moun ki konsène a non, adrès ak nimewo telefòn moun ki gen enfòmasyon konsènan sitiyasyon an. Ofisyè EO a ta dwe kontakte moun ki ta ka sèvi kòm temwen an pou mande I entèvyou.
- Pa obligatwa: Mande moun ki konsène a pou I mete siyati I ak dat sou nòt ki pran pandan entèvyou a nan moman entèvyou a ap fèt la, oubyen, prepare daklarasyon daprè nòt entèvyou a epi mande moun ki konsène a pou I mete siyati I ak dat sou deklarasyon an.
- Revize dokiman, rapò, korespondans, dosye pèsonèl ak règleman/pwosedi ki gen rapò avèk aktivite ki soulve alegasyon diskriminasyon an.
- Si gen lòt akizasyon ki fèt pandan envestigasyon an, oswa lòt enfòmasyon enpòtan yo dekovri, fè moun ki konsène a konn sa epi ba I yon chans pou reponn, jan enstriksyon an ye pou fòma envestigasyon orijinal la.
- Yon temwen ap fè deklarasyon ki baze sou sa li konnen, men pa sou sa li tande. Enfòmasyon yo jwenn nan sa yo tande pa konsidere kòm "prèv" paske fyabilite I depann de yon lòt moun oswa yon lòt sous. Sepandan, li ka enpòtan pou envestigasyon an. Kidonk, yo pa ta dwe eliminate prèv ki sòti nan sa yo tande moun di, men yo ta dwe itilize yo si l ka fè yo jwenn sous k ap pèmèt yo itilize enfòmasyon yo kòm prèv.
- Prepare yon rapò envestigasyon ki gen deklarasyon ki se baz plent lan, akizasyon presi, repons moun ki konsène a (yo) ak deklarasyon temwen yo fè,

rezulta prèv, rezònman ak konklizyon (rezon ki ka dèyè oswa ki pa lazòz moun ki konsène a fè diskrimination) ak dwa l genyen pou l fè apèl.

- Nenpòt lòt enfòmasyon esansyèl pou konprann pwoblèm presi ki nan dosye a oswa anviwònman kote sa rive a.
- Deklarasyon pozisyon moun ki konsène a ki gen ladan l sa yo rakonte konènan sa k pase a ansanm ak lojik oswa dezakò ki gen nan akizasyon moun k ap pote plent lan fè yo.
- Moun ki konsène a ka bay dokiman pou verifikasyon pou defans yo.
- Konsève dosye ak anrejistremant plent lan ak nimewo referans lan.

Ofisyé EO WIOA dwe verifye tout Avi Dispozisyon Definitif Ki pran pou garantiyon envestigasyon konplè e dezisyón an baze sou rezulta rechèch prèv yo.

Ofisyé Opòtinite Egal la dwe bay yon Avi Konsènan Dispozisyon Definitif Ki pran nan espas katrevén dis (90) jou aprè yo fin depoze plent lan. Avi ekri a dwe abòde chak pwoblèm ki soulve, yon desizyon sou pwoblèm nan (yo), yon eksplikasyon rezon ki fè desizyon sa pran oswa yon deskripsyon pati yo te rezoud pwoblèm nan (yo), avi opsyon jan sa parèt pi ba a.

### **Etap V - Avi Opsyon**

Si rezolisyon yo ofri moun ki pote plent lan oswa reprezantan li an pa satisfè yo, moun ki pote plent lan oswa reprezantan li an ka depoze yon plent kot Direktè Sant Dwa Sivil (CRC) la, nan 30 jou aprè yo fin resevwa Avi Konsènan Dispozisyon Definitif Ki pran. Direktè CRC a ka pwolonje dat limit trant jou a si gen bon rezon pou sa.

## Pwosedi pou Jere Plent yo Refere pou Negosyasyon

Itilizasyon medyatè nan negosyasyon sou plent yo nan administrasyon WIOA Nouyòk la ta dwe yon metòd rezolisyon mezantant ki nan yon nivo pwofesyonèl ki wo anpil epi ki gen yon pri rezonab.

Sa ki mansyone pi ba yo se enstriksyon konsènan pwosedi pou facilite aplikasyon:

1. Ofisye (EO) Opòtinite Egal yo nan 34 zòn devlopman gwoup travayè lokal Nouyòk pral responsab pou refere plent pou negosyasyon epi asire yo pwosesis negosyasyon an fèt nan espas swasant (60) jou moun ki pote plent lan chwazi pou negosyasyon an.
2. Ofisye Opòtinite Egal la ap pale ak moun k ap pote plent lan e li pral swa kontinye mennen envestigasyon sou plent lan (sa pa abòde nan dokiman sa a) oswa refere dosye a negosyasyon.
3. Chwazi si wi ou non pou itilize Lòt Opsyon Rezolisyon Mezantant la (Negosyasyon) a se chwa moun ki depoze plent sèlman l ye.
4. Si yon moun ki depoze yon plent siyen yon Fòmilè Antant pou Negosyasyon, y ap voye plent lan bay youn nan medyatè ki otorize nan Sant Rezolisyon Mezantant Kominotè (CDRC) nan diferan awondisman nan eta a (sa ka fèt pa faks oswa pa lapòs).
5. Ofisye EO a oswa CDRC a pral aranje dat, lè ak lokal rankont lan avèk moun ki depoze plent lan, konsène a ak medyatè a.
6. Medyatè a pral aksepte otorite sou plent lan pou swasant (60) jou, kòmanse avèk premye lan, alekri, Ofisye EO a ba y pa ekri a.
7. Nan peryòd 60 jou a medyatè a pral fè yon seyans negosyasyon epi bay EO yo refere a yon Antant Règleman. Toulède pati yo pral gen obligasyon pou yo siyen yon Fòmilè Otorizasyon Negosyasyon.
8. Si yo pa rive jwenn okenn antant, medyatè a pral fè Ofisye EO konnen lè negosyasyon an fini.
9. Medyatè a responsab pou kondwit etik estanda ki pi elve epi dakò pou l entèvni nan mitan yo si gen yon potansyèl konfli enterè oswa yon konfli enterè aparan potansyèl.
10. Medyatè yo dwe jwenn kalifikasyon nan men yon CDRC oswa lòt òganizasyon apwopriye epi resevwa fòmasyon nan aspè espesyal pou jere plent diskrimasyon yo.
11. Pwosesis Negosyasyon an dwe volontè pou moun ki pote plent lan epi toulède pati yo dwe patisipe nan negosyasyon an yon fason ki sensè men li pa obligatwa pou yo jwenn yon antant.
12. Seyans negosyasyon an ap fèmen pou nenpòt lòt moun ki pa moun ki konsène yo ak reprezentan yo, sof si pati yo ak medyatè a bay otorizasyon yo. Kominikasyon ak enfòmasyon ki bay pandan negosyasyon an gen priyorite e yo konfidansyèl epi yo pa dwe pataje yo ak yon twazyèm moun, sof si yo bezwen fè aplikasyon oswa ranfòsman, oswa pa mwayen antant ekri toulède pati yo. Pandan pwosesis negosyasyon an, yo ka pran nòt. Sepandan, kou yo fin jwenn antant final la oswa pati yo pati yo pa ka jwenn yon antant, tout nòt yo dwe retounen al jwenn medyatè a pou yo ka sou men lè l bezwen.

**INOVASYON MENDÈV ak LWA SOU OPÒTINITE  
OPÒTINITE EGAL AK RÈGLEMAN POU KONBAT DISKRIMINASYON  
AK  
PWOSEDI TRETMAN PLENT**

Lè m siyen pi ba a, mwen dakò pou m adopte epi aplike Règleman Inovasyon Mendèv ak Lwa sou Opòtinite Egal ak Règleman pou konbat Diskriminasyon an ak Pwosedi Tretman Plent ki dekri nan atachman yo.

---

(Dat)

(Siyati Otorite Lokal Yo Vote yo)

(Tape Non Otorite Lokal yo Vote yo)

(Tit Otorite Lokal yo Vote yo)

(Non Inite Gouvènman Lokal)

(Adrès Postal, pati 1)

(Adrès Postal, pati 2)

Nouyòk \_\_\_\_\_

(Vil)

(Kòd postal + 4)

## KOMISYON DEVLOPMAN MENDÈV LOKAL

### INOVASYON MENDÈV AK LWA SOU OPÒTINITE OPÒTINITE EGAL AK RÈGLEMAN POU KONBAT DISKRIMINASYON AK PWOSEDI TRETMAN PLENT

Lè m siyen pi ba a, mwen dakò pou m adopte epi aplike Règleman Inovasyon Mendèv ak Lwa sou Opòtinite Egal ak Règleman pou konbat Diskriminasyon an ak Pwosedi Tretman Plent ki dekri nan atachman yo.

---

(Dat)

(Siyati Prezidan Komisyon Developman  
Mendèv Lokal la)

(Tape Non Prezidan Komisyon Developman  
Mendèv Lokal la)

(Non Komisyon Developman Mendèv Lokal la)

(Adrès Postal, pati 1)

(Adrès Postal, pati 2)

\_\_\_\_\_, Nouyòk \_\_\_\_\_  
(Vil) (Kòd postal + 4)